

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan té ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan metode déskriptif. Panalungtikan kualitatif sering disebut métode panalungtikan naturalistik, sabab ieu panalungtikan dilaksanakeun dina kondisi nu alamiah (*natural*), aya ogé nu nyebutkeun panalungtikan étnografi, sabab mimitina ieu métode panalungtikan téh sok dipaké pikeun panalungtikan diwidang antropologi budaya. Disebut métode kualitatif téh sabab data nu dicangking jeung dianalisis sifatna kualitatif. Éta hal luyu jeung pamadegan Sugiyono (2011, kc 15), nu nétélakeun yén métode panalungtikan kualitatif nya éta métode panalungtikan nu tatapanana kana filsafat *postpositivisme*, digunakeun pikeun nalungtik kana objék nu alamiah. Alamiah dina éta hal, diartikeun kana kaayaan objék anu saayana, teu dijieun-jieun.

Panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu teu ngagunakeun itungan, modél-modél matématika, atau statistik. Ieu prosés panalungtikan dilaksanakeun ku cara nyieun heula dasar konsép jeung raraga mikir nu rék digunakeun dina panalungtikan. Panalungtikan kualitatif, miboga tujuan pikeun méré gambaran ngeunaan hiji hal, ngawangun atau manggihan tiori anyar, nguji atawa nguatan tiori nu geus aya, ngayakeun pameunteu kana produk atawa prosés, tur nyindekkeun.

Béda jeung panalungtikan kuantitatif, panalungtikan kualitatif leuwih nyoko kana pamahaman jeung makna, nu raket patalina jeung ajén-ajén nu tangtu, nekenkeun kana prosés lain ngukur tapi ngadéskripsikeun, nafsirkeun, turta méré makna ukur dijelaskeun hungkul, tapi di tafsirkeun dumasar élmu nu tangtu.

etode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaeta metode déskriptif. Panalungtikan anu dilaksanakeun diupayakeun kudu objéktif tina hal-hal anu bakal jadi gangguan tina ieu panalungtikan.

Ratna (2011:53) nétélakeun yén métode déskriptif nya éta métode anu ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis. Saheulaanan data dideskripsikeun kalayan maksud pikeun néangan unsur-unsurna, tuluy dianalisis atawa dibandingkeun. Métode déskripif ogé mangrupa data saayana. Tujuana nya éta ngadéskripsikeun jeung méré gambaran

sacara sistematis (Semi, 1993: 24). Sugiyono (2010:22) ogé nétélakeun yén data anu geus dikumpulkeun ngagunakeun métode ieu téh mangrupa kecap-kecap atawa gambar, henteu nekenkeun kana angka. Jadi métode déskriptif dipaké pikeun mantuan ngaidéntifikasi jeung ngadadarkeun unsur-unsur anu jadi fokus panalungtikan. Métode panalungtikan déskriptif miboga pola kerja néangan solusi masalah aktual sacara ngaruntuy dimimitian ku ngumpulkeun, nyusun, milah-milah, nganalisis jeung ngainterprétasikeun (Surakhmad, 1980: 139). Métode déskriptif dipilih sabab ieu panalungtikan miboga maksud pikeun ngadékrisikeun tur ngainterprétasikeun struktur ogé ajén-ajén anu aya dina carita. Déskripsi jeung analisis nyoko kana struktur pangwangun carita nya éta plot atawa alur, tokoh ogé karakter, latar, puseur implengan jeung téma. Hasil tina ieu anaisis ogé dipaké pikeun nangtukeun ajén karakter tokoh.

Ratna (2011: 73) nétélakeun yén pamarekan anu digunakeun dina panalungtikan sastra nya éta pamarekan objéktif kalayan métode déskriptif. Pamarekan objéktif nya éta pamarekan anu penting pisan sabab naon waé métodena dasarna mah nekenkeun kana éta karya sastra sorangan. Pamarekan objéktif museurkeun panitén kana unsur-unsur, nya éta unsur-unsur intrinsik. Tujuan pamarekan objéktif nya éta diakuna harti atawa hakikat ilmiah eta objék paélmuan.

3.2 Téknik Ngumpulkeun Data.

Téhnik ngumpulkeun data dilaksanakeun ngagunakeun studi kepustakaan, ogé studi bibliografi. Studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa struktur carita jeung ajén karakter. Ari langkah-langkahna saperti ieu di handap.

1) Maca carita sacara gemet

Panalungtik maca carita sacara taliti jeung jero pikeun maham unsur-unsur anu ngawangun éta carita, sarta maham kana unsur-unsur anu patali jeung ajén-ajén karakter dina eta carita.

2) Nyirian struktur carita jeung ajén karakter

Ngaliwatan maca gemet jeung maham kana eusi carita, panalungtik nyirian data anu mangrupa kalimah atawa paragraph anu luyu sarta patali jeung struktur carita oge ajén-ajén karakter dina éta carita.

3) Nyatet struktur carita jeung ajén karakter kana kartu data.

Ngaliwatan maca gemet jeung maham kana eusi carita, panalungtik nyatet data anu mangrupa kalimah atawa paragraph anu luyu sarta patali jeung ajén-ajén karakter dina éta carita.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat pikeun meunangkeun data atawa meunangkeun data (Sudaryanto, 1988: 9). Instrumén anu digunakeun nya éta meunang panalungtik sorangan. Pikeun ngalaksanakeun téhnik panalungtikan ngagunakeun pakakas anu ngarojong di handap ieu. Dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan téh, panalungtik ngagunakeun instrumén-instrumén mangrupa lambaran analisis struktur carita, lembar analisis atawa padoman analisis téks carita, ogé lembaran ajén-ajén karakter anu aya dina carita. Kartu analisis digunakeun pikeun nganalisis unggal carita.

Aya opat wangun instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

a. Pedoman Analisis Struktur Carita

No.	Aspék analisis	Indikator
1	Alur	<p>a. Alur diwangun ku runtuyan kajadian anu mangrupa sabab akibat tina interaksi antar tokoh dina carita.</p> <p>b. Runtuyan kajadian anu ngawangun alur téh aya dina hiji beungkeutan sabab akibat, boga urutan sacara logis, jeung kronologis numutkeun runtuyan waktu.</p> <p>c. tahapan alur téh diantarana ngawanohkeun, ayana konflik, muncakna konflik, klimaks, jeung ngaréngsékun masalah</p>
2	Palaku	<p>a. Cara nepikeun atawa bahasa pangarang kana karakteristik palaku atawa ngagambarkeun bentuk lahir palaku.</p>

Wanty Aprilliyanti, 2019

STRUKTUR CARITA JEUNG AJEN KARAKTER TOKOH DINA BUKU-BUKU SASTRA ANU DILELER HADIAH SAMSUDI PIKEUN BAHAN ATIKAN KARAKTER DI SAKOLA JEUNG PROGRAM GERAKAN LITERASI SEKOLAH (GLS)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Aspék analisis	Indikator
		<p>b. Omongan atawa bahasa digambarkeun ku pangarang anu bisa nunjukeun kumaha prilaku.</p> <p>c. Omongan atawa bahasa pangarang nu ngagambarkeun ngeunaan lingkungan kahirupana atawa cara papakéanana.</p> <p>d. Omongan atawa bahasa pangarang niténan kumaha éta tokoh ngomong/komunikasi ka dirina sorangan.</p> <p>e. Omongan atawa bahasa pangarang maham kumaha cara / jalan pikiran tokoh.</p> <p>f. Omongan atawa bahasa pangarang ningali kumaha sikep, pamadegan éta tokoh ka tokoh séjénna</p> <p>g. Omongan atawa bahasa pangarang ningali kumaha éta tokoh gunem catur jeung tokoh séjén.</p> <p>h. Omongan atawa bahasa pangarang ningali kumaha tokoh-tokoh séjén méré réaksi/réspon ka éta tokoh.</p> <p>i. Omongan atawa bahasa pangarang ningali kumaha eta tokoh ngareaksi/ngarespon ka tokoh sejen.</p>
3	Latar/Setting	<p>a. Latar tempat</p> <p>Latar tempat nya éta lokasi tempat lumangsungna hiji peristiwa anu dicaritakeun, biasana tina hiji carita téh aya leuwih ti hiji tempat atawa lokasi, misalna mangrupa tempat-tempat anu tangtu, inisial anu tangtu ogé mungkin waé hiji lokasi anu</p>

		ngaranna teu kapaluruh sabab ngarana teu dijéntrékeun.
No	Aspék analisis	Indikator
		<p>b. Latar waktu</p> <p>latar waktu nya éta hal anu nunjukeun iraha hiji kajadian lumangsung dina eta carita. Latar oge nunjukeun kana waktu ditulisna eta carita, disagedengeun oge nunjukeun waktu jeung urutan waktu kajadian anu dicaritakeun. Kaayaan anu dicaritakeun téh kudu ngacu kana waktu anu tangtu sabab latar waktu salawasna robah-robah.</p> <p>c. Latar sosial</p> <p>latar sosial maksudnya nya éta hal-hal anu aya hubungana jeung perilaku kahirupan sosial masyarakat di hiji tempat anu dicaritakeun. Latar sosial bisa mangrupa kabiasaan hirup, adat istiadat, taradisi, kayakinan, palsapah hirup, cara mikir jeung cara nangtukeun sikep. Latar sosial ogé bisa jadi nunjukeun status sosial hiji tokoh, misalna rendah, menengah, atawa luhur. Jadi latar sosial nandeskeun sarta ngagambarkeun kaayaan kadaéran, warga satempat daerah anu tangtu ngaliwatan kahirupan masarakat saperti basa daérah atawa dialék-dialék anu tangtu.</p>
4	Sudut pandang/puseur implengan	<p>a. Omongan atawa bahasa anu ngagambarkeun fungsi pangarang salaku palaku carita.</p> <p>b. Omongan atawa bahasa anu ngagambarkeun fungsi pangarang salaku tokoh dina carita.</p>

		c. Omongan atawa bahasa anu ngagambarkeun yén panagarang téh miboga fungsi salaku panitén kana munculna para palaku sarta nyaho kana eusi batin palaku dina wates-wates anu tangtu.
No	Aspék analisis	Indikator
		d. Omongan atawa bahasa anu ngagambarkeun pangarang salaku panitén ka palaku, ogé mangrupa jalma anu sagala nyaho .
5	Gaya basa	<p>a. Omongan ogé bahasa pikeun ngungkapkeun rasa jeung pikiran.</p> <p>b. Omongan atawa bahasa anu ngagambarkeun cara has dina ngungkapkeun hiji jalma atawa pribadi pangarang éta sorangan.</p> <p>c. Omongan atawa bahasa anu digunakeun ku pangarang pikeun milih jeung ngagunakeun kecap luyu jeung eusi carita.</p>

b. Pedoman Analisis Ajén Karakter

No	Aspék Analisis	Indikator
1.	Religius	<ul style="list-style-type: none"> - Tuhu dina ngalaksanakeun paréntah agama. - Boga toléransi ka agama séjén dina ngajalankeun ibadah. - Hirup sauyunan di masarakat sanajan beda agama.
2.	Jujur	<ul style="list-style-type: none"> - Sikep jeung paripolahna hadé. - Omongana bisa dipercaya. - Pagaweanana bener/halal
3.	Toléransi	<ul style="list-style-type: none"> - Bisa ngahargaan agama, atawa seler bangsa sejen.

Wanty Aprilliyanti, 2019

STRUKTUR CARITA JEUNG AJEN KARAKTER TOKOH DINA BUKU-BUKU SASTRA ANU DILELER HADIAH SAMSUDI PIKEUN BAHAN ATIKAN KARAKTER DI SAKOLA JEUNG PROGRAM GERAKAN LITERASI SEKOLAH (GLS)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		- Bisa narima jeung ngahargaan kana pamadegan, sikep jeung paripolah batur anu beda jeung dirina.
4.	Disiplin	- Miboga prilaku anu tartib. - Miboga prilaku patuh kana peraturan jeung katangtuan.
5.	Kerja Keras	- Boga sikep daria dina ngungkulan sagala masalah. - Ngarengsekeun tugas dina waktuna jeung hasilna alus.
6.	Kreatif	Nyiptakeun hiji hal atawa hiji cara anu anyar.
7.	Mandiri	Sikep jeung paripolahna henteu gumantung ka batur.
8.	Demokrasi	Sikep jeung perilakuna ngahargaan kana hak jeung kawajiban batur luyu jeung kana hak jeung kawajiban dirina.
9.	Rasa ingin tahu	- Sikepna teu weleh panasaran - Ngupayakeun pikeun diajar leuwih jero pikeun mikanyaho hal anu pernah katingali, kadenge.
10.	Semangat kebangsaan	- Pola mikirna nempatkeun kapentingan bangsa disaluhureun kapentingan pribadi. - Paripolahna nempatkeun kapentingan bangsa disaluhureun kapentingan pribadi
11.	Cinta tanah air	- Pola mikirna nunjukeun kasatiaan jeung paduli kana basa, lingkungan, bangsa. - Paripolahna nunjukeun kasatiaan jeung paduli kana basa, lingkungan, bangsa.
12.	Menghargai préstasi	- Sikepna ngahasilkeun hiji hal anu guna pikeun masarakat. - Ngaku jeung ngahargaan kana prestasi batur.
13.	Bersahabat/komunikatif	- Sikepna nunjukeun resep komunikasi jeung gaul. - Sikepna nunjukeun resep gawe bareng jeung batur
14.	Cinta damai	- Sikepna pikaresepeun.

		<ul style="list-style-type: none"> - Omongana pikaresepeun. - Paripolahna pikaresepeun.
15.	Gemar Membaca	Boga kabiasaan maca naon wae anu mangpaat pikeun dirina.
16.	Peduli lingkungan	<ul style="list-style-type: none"> - Sikepna salawasa ngupayakeun pikeun ngajaga lingkungan kahirupanana. - Paripolahna salawasna ngamekarkeun lingkungan kahirupanana.
17.	Peduli sosial	<ul style="list-style-type: none"> - Sikepna resep silih tulungan jeung sasama. - Resep tutulung ka nu butuh.
18.	Tanggung jawab	<ul style="list-style-type: none"> - Ngalaksanakeun kawajibanana sahade-hadena - Sadar kana hak jeung kawajibana salaku masarakat individu atawa salaku anggota masarakat. - Sadar kana kawajibana salaku warga nagara jeung mahluk Allah.

3.4 Tehnik Ngolah Data

Dina ngolah data panalungtikan digunakeun tehnik analisis struktural jeung tehnik hermeneutik. Hal-hal anu dianalisisna nya éta, (1) Struktur carita, (2) Karakter tokoh, (3) Ajén karakter. Nurutkeun Nyoman Kutha Ratna, sacara etimologis hermeneutik asal kecapna *hermeneuein* tina bahasa Yunani nu hartina nafsirkeun atawa ngainterpretasikeun. Patali jeung fungsi utama hermeneutik salaku metode pikeun maham kana agama kukituna dianggap luyu upama dipake tinimbangan yen karya sastra téh mangrupa karya tulis anu pangdeukeutna kana agama jeung miboga sasaran nya éta duanana disusun dina wangun basa anu kudu ditafsirkeun.

Hermeneutik, kualitatif, deskriptif analitik miboga cara anu sarua dina medar jeung nganalisis objék panalungtikan. Ngaliwatan téhnik hermeneutik sakabéh eusi dina wangun sastra bisa ditafsirkeun sacara jéntré ka para pamaca. Pikeun ngahontal hasil anu akurat, dilakukeun maca sababaraha balikan kalayan tujuan maluruh data luyu jeung masalah panalungtikan jeung tujuan panalungtikan nya éta ngaguar struktur jeung ajén karakter tokoh dina carita *Tarékh Rasulullah*.

Wanty Aprilliyanti, 2019

STRUKTUR CARITA JEUNG AJEN KARAKTER TOKOH DINA BUKU-BUKU SASTRA ANU DILELER HADIAH SAMSUDI PIKEUN BAHAN ATIKAN KARAKTER DI SAKOLA JEUNG PROGRAM GERAKAN LITERASI SEKOLAH (GLS)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu dihandap,

- 1) Niténan deui data anu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data dumasar struktur carita jeung ajén karakter.
- 3) Nganalisis data dumasar struktur carita jeung ajén karakter.
- 4) Ngadéskripsikeun data dumasar struktur carita jeung ajén karakter
- 5) Nyindekeun hasil analisis dumasar struktur carita jeung ajén karakter

3.5 Data jeung Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data nya éta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu perkara , nya éta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*). Dumasar kana éta pedaran sumber anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta data anu aya dina kertas (*paper*),

Data ieu panalungtikan nya éta struktur carita jeung ajén karakter dina buku-buku sastra anu dilélér hadiah Samsudi, kabehna aya 18 buku tapi anu dijadikeun sumber data aya 4 buku nya éta buku carita *Tarékh Rasulullah* yasana Abdullah Mustapa.lantaran saséri, eta buku diterbitkeun ku CV. Geger Sunten di Bandung.

No	Judul buku	Ukuran	Kandel kaca
1	Muhammad Al-Amin	14,5 cm X 20,5 cm	80 kaca
2	Cilaka Abu Lahab	14,5 cm X 20,5 cm	68 kaca
3	Dimana Muhammad	14,5 cm X 20,5 cm	80 kaca
4	La illa ha ilallah	14,5 cm X 20,5 cm	76 kaca

Table 3

Éta buku téh singgetna nyaritakeun ngeunaan Nabi Muhammad anu diutus jadi Rasul Allah kalayan pancénna nyebarkeun agama Islam kalayan perjuanganana dina da'wah. Ieu buku pinuh ku ajén-inajén karakter, utamana tokoh Muhammad anu sifatna pujieun jeung pikayungyuneun.